Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гъаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 15 май Рузман №22 (7619) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Владимир Васильев рассказал об условиях послабления ограничительных мер в Дагестане



**МАХАЧКАЛА, 12 мая – РИА «Дагестан».**

Глава Дагестана Владимир Васильев в интервью региональному телеканалу рассказал об условиях, при которых в республике могут быть ослаблены ограничительные меры.

Одной из главных условий он назвал снижение показателей роста заражения. «Когда будет снижение, тогда будем решать. Я не хочу сейчас говорить о дате, боюсь ошибиться. Сейчас самое главное – отношение большинства дагестанцев, за что большое спасибо. Вы знаете, я вчера впервые услышал от многих – не отменяйте. То есть люди поняли, что это опасно», - отметил Васильев, напомнив о времени, когда некоторые из них просили «показать заболевших».

Говоря о дополнительных ограничениях, Глава Дагестана сообщил, что в республике, помимо сегодняшнего масочного режима, будет введен и перчаточный.

Он рассказал, что в республике в настоящее время работают продовольственные предприятия, их перечень будет расширяться: «Мы посчитали с экспертами, процентов 60 нашего промышленного потенциала работало все это время, но работают при одном условии Роспотребнадзора – что они соблюдают требования безопасности. И я хочу сказать, что если произойдет очаг заражения, то это предприятие, естественно, будет закрыто. Это должны понимать все собственники. Сейчас очень важно каждому из них думать не только о выгоде и доходе, но и о том, что ничто не будет возможно, если не будут обеспечены правила безопасности, и на их предприятии возникнет очаг вируса».

Васильев также сообщил, что к нему поступило предложение об открытии летних кафе, так как там есть вентиляция. «Много есть предложений, штаб постоянно над ними работает. У нас все эти предложения рассматриваются Роспотребнадзором, и только потом принимаются решения. Я уже говорил, что готов идти на определенные риски, но только не ценой жизни других людей, не ценой жизни дагестанцев», - сказал он.

Глава Дагестана призвал всех жителей с пониманием отнестись и потерпеть еще немного. «Кто знает, возможно, мы к концу поста сможем изменить правила поведения. Снижение зависит от нас с вами», - подчеркнул Владимир Васильев.

## Бергьенлъиялъул ирсилазул ракIалдещвеял

ГIемерал сонал ана бадиб рохалилги рухIалилги магIуги хулун нилъер умумуз 1945 соналъул 9 Маялда дандчIвараладаса. Халкъалъул рохелги пашманлъиги загьир гьабун, бакъул хинал, гвангъарал чIоразги баркулеб 9 Май исана, ричIчIулел гIиллабазда банги батила, ахирал моцIаз халкъалъул ракIазулъ рещтIараб пашманлъиялда релълъун, тIупун лъурал накIкIазул цIураб бачIана. Гвангъарал тIугьдузул, гIурччинал мегъазул моцI май бугониги, къоло анкьго миллион советияв чияс рухI кьураб байрам ракIаде щвезабиги, гIун бачIунеб гIелалдагун ирсилазда бахIарчиял умумузул тарих кIочонгутIизе гьезие патриотикияб лъай кьейги, рагъдаса руссаралгун абадиялъего кьалул байдабазда хутIарал солдатал ракIалде щвезариги нилъер борч ккола.

Рагъда гIахьаллъарал жидерго умумузул хIакъалъулъ ракIалдещвеял рукIана рачIунел газеталда рахъеян гьезул ирсилаз. К1удияб Ват1анияб рагъул гIахьалчи хутIичIин районалдаян дагьабго пашманлъи букIаниги, рохалилги асар жубалеб букIана рекIелъ умумузул бахIарчияб тарих ирсилаз кIочене биччалеб гьечIолъиялъ.

ТIубараб къоялъ цин рагъул заманалъул кинобазухъ балагьун, кучIдул гIенеккун, хадубги дугIа-алхIам гьабизе чи гьечIого хварал рагъул гIахьалчагIазул рухIазе кири кьун, хирияб Къуръан-хIадис бичча, унеб букIана 9 Маялъул къо. Байрамкъойиланги кин абилеб, байрамалда релълъараб жо гьебги, гьелда релълъарал цогидаги карантиналда араб анцIила кIиго къоялъул щибго букIинчIелъул, цох1о гьеб къоялъ машинабаздаса раг1улел куч1дул гурел. Амма, инсан ва тарих чIаго рукIунин абулелъул нилъер ракIалдещвеял ругебгIан мехалъ, 9 Май - КIудияб Бергьенлъиялъул къо букIин дидаги кIочон букIинчIо, гьединлъидал гьеб къо байрамалъулаб букIин лъазабулеб букIана райцентралъул къватIаздаса рехе-эхеде унел машинабаздаса рагIулел рукIарал рагъул соназул кучIдуз.

Жакъасеб макъалаялда бицине бокьун буго нилъгун гьечIел цо-цо рагъул гIахьалчагIазул ирсилазул жидерго умумузул хIакъалъулъ ракIалдещвеязул. Нилъер умумул къеркьана, рагъана нилъер букIинеселъе гIоло. Гьезул багьадурлъиялъегун бахIарчилъиялъе даимаб рецц. Гьезул къохIехьеялъул хIасилльун ккола нилъеда тункIил кьвагьи рагIунгутIи ва зодисан роржунел рагъул самолетал рихьунгутIи.

Умумузул мисал бихьизабуна нилъер ракьцояз балагьаб августалъул къоязги ах1ич1ого вач1арав тушманасда ракь тезабулаго. РакI гъанцIула нилъер умумуз хIехьезе ккараб ракIалде щвезабидал. Жакъасеб ракълилаб зобалъухъ бецIулареб налъукь руго нилъ гьезие. КIудияб Бергьенлъиялъул къо нилъер тарихалъулъ хутIизе буго бищун кIвар цIикIкIараб хIужалъун. Халкъалдаги кIоченаро гьеб. Нилъ чIухIула кIудабазул гьунаралдаса. Нилъер ракIазулъ гьеб гьунаралдаса чIухIигун рохелги ва абадиялъего къанщаразда хадуб рухIелги даимго бикIкIун хутIизе буго.

Гъоркьехун кьолел руго Бергьенлъиялъул ирсилазул цо-цо ракIалдещвеял.

3

## РУССИНЧIО РАГЪДАСА ЭМЕНГИ ВАСГИ...



**ГIабдула ГIисаев васал ШапихIажигун (квегIиса) ва ГIисадибиргун**

…1942 соналъул анцIила ралъдал къвагъдохъабазул къощуабилеб декабралда 84-леб къаялъул командир, подполковник Б.Павловасул амруялда бихьизабулеб буго цогидазе мисалияб куцалда Командованиялъул рагъулал тIадкъаял тIуразариялъухъ ва бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ хасаб батальоналъул лъабабилеб ротаялъул тIоцебесеб взводалъул командир, гьитIинав лейтенант, I923 соналъ Гьигьалъ росулъ гьавурав ГIисадибир ГIисаев «Багьадурлъиялъе гIоло» медалалдалъун кIодо гьавулев вугилан. Гьелъие гьев мустахIикълъун вуго Закавказский фронталда вагъулаго Орджоникидзевский краялда Эльхотово росу эркен гьабиялъухъ.

1942 соналъул 14 ноябралда тIамула ГIисадибир бицен гьабулеб ротаялъул командирлъун ва къокъабго заманалда жаниб борхизабула рагъулаб гIадлу-низам (дисциплина), хIаракат бахъула рагъухъаби цолъизаризе ва жиндирго мисалалдалъун гьезулъ бахIарчилъигун къохIехьей бижизабизе. Метерисеб къоялдаго рагъулаб тIадкъай бачIула гьес нухмалъулеб ротаялъе Эльхотово росдада тIад бугеб стратегияб кIваралъул «Автоматная» борхалъиялдасан тушман вачахъизе.

2

Бергьенлъиялъул ирсилазул ракIалдещвеял

# РУССИНЧIО РАГЪДАСА ЭМЕНГИ ВАСГИ...

1

Иш бажарун гIуцIараб гъужумалъ жиндирабго гьабула - рагъулаб тIадкъай бергьенлъиялда тIубала ГIисаевасул ротаялъ.

Тушманас балеб гIарададул цIадулъан жинцаго цIунула гьес станкаялъулаб букIараб пулемет дзот ва буссинабула тушманасдехун. Кинабниги ичIго дзот ва гIемераб ярагъ кодобе босула взводалъ гьеб рагъулъ ва тушман тIуризавула борхалъудасан. Анлъго чиясда гьоркьов, бихьизабураб бахIарчияб мисалалъухъ, гьездаго гьорлъ ГIисадибир ГIисаевги мустахIикълъула «Багьадурлъиялъе гIоло» абураб медалалъе-хIукуматалъул шапакъаталъе. Гьедин хъвалеб буго 1942 соналъул 26 ноябралъ батальоналъул командир А.Чесноковас ГIисадибирил хIакъалъулъ.

Бадиб маг1у хулулаго бицунаан мунагьал чураяв дир эбелалъул вац МухIамад Г1абдулаевич ГIисаевас жиндир эбелги живги рагъда лъукъун Каспийскиялъул госпиталаде вегун вук1арав Г1исадибирихье щвезе иналъул х1акъалъулъ.

ГIисадибир вукIун вуго рагъдаги лъукъун Каспийскиялъул госпиталалда вегун. Гьесухъе щвезе лъелго Гьигьалъан Каспийскиялде щвезегIан ун руго эбелги гьитIинав вац МухIамадги (мунагьал чураяв МухIамад ГIабдулаевич). Госпиталалъул ункъабилеб тIалаялъул балконалда вукIарав ГIисадибир, гьитIинав вац МухIамадгун ячIуней эбел йикьидал, ахIдон вуго «Бабу»-ян.

Лъабго къоялъ цадахъги рукIун ратIалъулеб къоялъ, нуцIил кIалтIа цоцазда къвалги бан хурхарал ГIисадибирилги эбелалъулги кверал кинго ричIулел рукIун гьечIо. НуцIа къазе



Инсул вацасул хабада ГIисадибир ГIисаев

кIоларого,хIалица къан буго гьенир эхетарал унтараз. Эбелалъулги вацазулги хурхи, ва ратIалъизе гьезие букIараб захIмалъи бихьарав анцIила кIиго сон барав МухIамад гIодовги кIусун гIодун вуго. Сверухъ ракIарарал гIадамаз нуцIа къалаго гIемер къаялъ бекизе дагьалъ хутIараб чIегIерлъараб рукьгун гьеж жеги кIиго моцIалъ сахлъун гьечIо эбел ХIалиматил.

Гьенисан сахлъаравго нахъеги фронталде тIадвуссун уна ГIисадибир.

Вас рагъде ахIун моцIидаса гьесдаго хадув рагъде ана эмен ГIисаев ГIабдулаги. ГIабдула вукIун вуго нильер районалда лъайкьеялъул гIуцIарухъанлъун.Районалъул микьгогIаги росулъ хIалтIун вуго гьев школалъул нухмалъулевлъун.Ц1ияб рагъарабщинаб школалъе нухмалъи гьабулеб бук1ун буго гьес. Рагъде иналде цеве хIалтIулев вукIун вуго Гьигьалъ школалда директорлъун. Эмен рагъде ун хадуб росдал школалъул директорлъун тIамаун вуго ГIабдулал гьоркьохъев вас, 17 сон барав ШапихIажи.

...РуссинчIо рагъдаса эменги васги. ГIабдула араб бакI лъачIого рагъда тIагIана, ГIисадибир вукъун вуго Краснодар краялъул Абинск шагьаралда вацазулаб хабалъ.

Инсул вацасул хоб цIехон Абинскалде щвана гьесул цIар лъурав МухIамадил вас (мунагьал чураяв) ГIисадибир.

Гьединал руго дир, ГIисадибирил яц ПатIиматил вас АхIмаднабил, кIудадал ва имгIаласул хIакъалъулъ хутIарал ракIалдещвеял. Узухъда, щибаб орден-медаль рикIкIун, тIехь хъвазеги бегьилаан нилъер бахIарчиял умумузул хIакъалъулъ, гьел гьелъие мустахIикъалги рукIана.

**АхIмаднаби МухIамадов**

# РИЧIАГЬАНИХЪА ХIАЖИЕВ ДАИТБЕГ



…РичIагьанихъа дир инсул вац Даитбег ХIажиевасул хIакъалъулъ, гьесул рагъулаб нухлул баянал дие щвечIо. Интернеталдасан «РакIалдещвеялъул нухлул» сайталде балагьидалги, мукъсаналго баянал щвана 1942 соналъ рагъде ахIарав аскарияв Даитбег ХIажиевасул хIакъалъулъ. «Кавказ цIуниялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъун вуго гьев 1944 соналъул тIоцебесеб маялда. «1941-1945 соназ КIудияб ВатIанияб рагъулъ Германиялда тIад бергьенлъи босиялъухъ» медалалъе мустахIикълъун вуго 1945 соналъул 9 маялъ. Гьебго соналъул анлъабилеб ноябралда къун буго «Рагъулаб захIмат» медалалъе. 1985 соналъул анлъабилеб апрелалда къуна тIоцебесеб даражаялъул «ВатIанияб рагъ» орденги. Даитбег рагъдасан вуссана цояб бохги лъукъун. Дида лъалеб мехалъ, мустахIикъаб хIалхьиялде инегIан, гьев хIалтIулев вукIана райбольницаялъул хъаравуллъун. РакIалда буго сокIкIизе кIолареб накуялъ гIодов чIолаго, тIаде вахъунаго гьесие кьолеб букIараб рахIатхвей.

ГIемерав унаан гьев полкцоязулгун дандчIваяздеги, цеве вахъунаан росдал ва районалъул цIалдохъабазда цевеги рагъулаб нухлул бицун. ЗахIматаб букIаниги, гвангъараб нух нахъе тана имгIал Даитбегица. Гьесул лъабавго васасулги ясалъулги гуребги, тIолго районцоязул тIубараб ихтияр буго дир имгIал Даитбег ХIажиевасул рагъулаб ва ракълилаб захIматалъул нухдасан чIухIизе…

**Хатибат ХIажиева**

# ТIАДГЬАКВАРИСА МУХIАМАДОВ САГIИД



27 сон барав гIолохъанчи дир эмен, СагIид МухIамадов рагъде ахIун вуго рагъул байбихьудаго 1941 соналъ. ХIалтIулев вукIун вуго политхIалтIухъанлъун Ковпакил, Кашеловасул партизаназул отрядазда, вагъун вуго Украиналъулгун Белоруссиялъул фронтазда. ГIахьаллъун вуго Польша, Чехословакия эркен гьариялъулъ, щун вуго Германиялде. Рагъда щвана сакъатлъи, ракълилаб гIумруялде вуссиндал гIемерал соназ хIалтIана гIагараб ТIадгьаквари росдал байбихьул школалда мугIалимлъун. Коммунист партиялъул член Саид Мирзаевич 1965-1975 соназ хIалтIана росдал клубалъул заведующийлъун идеологиябгун политикияб хIалтIиги цебехун бачун, чанцIулго вищула гIагараб колхозалъул парторганизациялъул секретарьлъун. Рагъда гьев мустахIикълъана «ВатIанияб рагъ» орденалъе ва медалазе.

Рагъулъги ракълилаб гIумрудулъги цебесеб кьерда вукIана нижер эмен. ЛъикIаб тарбия-лъай кьун гIезаруна анлъго ясгун цо вас.

КIудияб ВатIанияб рагъалъ нилъер тарихалъулъ тана кIудияб ругьунлъун жиб лъугьараб лъалкI: кьучIдасанго риххарал шагьаралгун росаби, рухIарал рохьал, рагъул байдабазда хварав кьоло анкьго миллион чи. ЦохIо рагъда гIахьалъаразе гуребги, тыл борхулезеги букIанин захIматилан бицунаан инсуца. ЗахIмалъиларихца, сахавщинав, пуруц-гIоркь кквезе кIолевщинав гIолохъанчиги рагъде ун рокъор хутIидал харабигун лъимал ва руччаби. Амма къохIехьей гьезулги рагъда рукIараздасан къараб букIинчIеблъи нилъеда лъала «Кинабго - фронталъе, кинабго - Бергьенлъиялъе» абураб лозунгалда гьоркь гьез къаси-къад чIечIого церелъурал масъалабазул планал тIокIрорчIунги тIуразариялъ. БукIа гьеб колхоз-совхозалда ах-хуралъул яги фабрик-заводалда гьабулеб хIалтIи. ГIисинал лъималаздасан байбихьун, хIалтIана окопал рухьиялдаги, бачIин бакIариялдаги, вехьлъудаги, чанги ракьи-кьечги хIехьон, тIабигIаталъул гьава-бакъалъул цIорой-хинлъиялъухъ балагьичIого. Гьеб нужеда, ракълилаб гIелалда бичIчIуларо-, ян нижее бадибчIвай гьабулеб гIадин, хабарги бицун, рагъул заманалъул кьогIал пикрабалъе унаан эмен. Гьедин хIаракат бахъулаан гьес нижеда, жиндирго лъималазда ва нижерги лъималазда бичIчIизабизе, тылалда хIалтIи цебехун инчIони, фронталдаги унареблъи ва гьединал мисалаздалъун куцалаан гьитIинго захIмат бокьиялде...

**Сайгьанат Сажидова,** Гьизилюрт районалъул Комсомольское росу

3

# ГЬИГЬАЛЪА ХIАЖИЕВ МАНСУР



1917соналъул 1 апрелалда гьавурав дир инсул букIана къоло ункъо сон рагъул байбихьуда. Районалъул рагъулаб комиссариаталъ ахIун, рагъде арав инсуца мотострелковияб полкалъул, Украиналъул тIоцебесеб ва Белоруссиялъул тIоцебесеб ва лъабабилеб фронтазул разведбатальоназул къокъабазда цадахъ нахъа тола Дальний Востокалдаса Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух.

Жигараб гIахьаллъи гьабула Бакъбаккул Пруссиялъул, Польшаялъул ва Германиялъул шагьаралгун росаби эркен гьариялъулъ ва Дайме, Висла, Одер гIорал хех рахиялъулъ.

Инстербург, Прейсиш Айлау, Лабиау, Велау и Кенигсберг шагьарал эркен гьарулаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъана командиразул рикIкIен гIемерал баркалабазе.

КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда бихьизабураб багьадурлъиялъухъ эмен мустахIикълъула кIиабилеб даражаялъул «ВатIанияб рагъ», «БагIараб ЦIва» орденазе ва «1941-1945 соназ КIудияб ВатIанияб рагъулъ Германиялда тIад бергьенлъи босиялъухъ» медалалъе. Рагъда хадусел соназ инсуе щвана юбилеязулал рикIкIен гIемерал медалал.

Бергьенлъиялъул хIакъалъулъ рохалилаб хабар инсуца дандчIвана Берлиналда.

1945 соналъул маялда тылалъул хIалтIухъан хIисабалда, эмен витIула Кенигсберг шагьаралде кванил нигIматазул складалъул заведующийлъун. Гьебго соналъу декабрь моцIалда эмен тIадвуссана гIагараб росулъе ва 1957 соналде щвезегIан хIалтIана Гьигьалъ росдал СССРалъул Верховный Советалъул цIаралда бук1араб колхозалъул председательлъун.

Гьеб хъулухъалда х1алт1улаго росдал магIишат цебетIезабиялъулъ рихьизабурал лъикIал хIасилазухъ эмен мустахIикълъана «ЗахIматалъул БагIараб байрахъ» орденалъе ва витIана ВДНХялъул цебелъеялде Москвалде.

МустахIикъаб хIалхьиялде иналде цеве эмен хIалтIана районалда батIи-батIиял хъулухъазда: нухал рахъулеб ва къач1алеб участкаялда мастерлъун, райПоялъул заготовительлъун, Шаваялда Гьигьалъ росдал колхозалъул председателасул заместительлъун. Г1умрудул ахирал соназ г1умру гьабун вук1ана Гьизляр районалда.

ХIалхьиялде ун хадувги тIатIала кверал лъун эмен чIечIо: гьев вукIана гьитIинaзе насихIатчилъунги, гьесухъе рачIунаан гIакълу дандбазеги, маслихIат хIажаталъуве ахIизеги.

1996 соналъ Аллагьасул къадаралде щварана эмен, вукъун вуго г1агараб Гьигьалъ росулъ.

Даимаб рецц инсуе ва гьесда цадахъ КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъаразе нилъер жакъасеб роцIцIараб гвангъараб зобалъухъ, рагъда хадусел соназ улка цIигьабуралъухъ ва жакъасеб нилъер рахIатаб гIумруялъухъ.

**ХIава Ражабова,** Гъизляр районалъул Цветковка росдал гимназиялъул директор...

## Хушетисан хъвалеб буго

# Хехаб кумек щвана

Дагъал цере къояз Хушети росулъ кІкІалахъе бортана Каримула Ахъбулатовас бачунеб букІараб УАЗ машина. ГІолохъанчи хвасар гьавизе ахІуд рахъана росуцоялгун аскариял. ЗахІматаб хІалалде ккарав Каримулагьил гІумруялъе хІинкъи цІикІкІараб букІана, бекараб рукь-гъеж-бох малъичІого.

Кидаго гІадин, ахІи базе ккана Агъвалибе районалъул бетІерас АнвархІажи Вечедовасухъегун бетІерав тохтур Хайруланам Дибирасулаевасухъе ва аскариязухъе. ХІажат букІана хехаб медицинаялъулаб кумек: тохтурзабигун вертолет. ГІорхъаби цІунулезул застава росулъ рагьаралдаса нахъе гьоркьосан къотІи гьечІеб бухьен буго росдал администрациялъулгун аскариязул. Гьезул кумек-квербакъи хушетдерие кидаго камичІо, райгазеталда чанги бахъана макъала хушетисез тохтурзабазегун районалъул нухмалъиялъе баркала загьир гьабураб.

Цо-цо гІиллабазда бан, рогьалида гурони вертолет бачІине данде ккечІониги, аскариязул вертолеталда рачІарал тохтурзабаз Каримулагьил хал-шалги гьабун, тІоцебесеб хІажалъиялъул кумек гьабуна ва радал сагІат щугоялде тахшагьаралъул больницаялде вачана.

-Шагьранух Хушетибе жакъа къоялдеги бахъун гьечІо, гьединлъидал бицине ккеларо кинаб къварилъиялда росуцоял рукІунел, гІорхъолъан рорчІарал ишал, балъгоялгун тІабигІиял балагьаздe, Цихалахъан эхеде І0-І5 км рикІкІаде хІамуздаги лъун кванил нигІматаздалъун хъизанал хьезаризе ккедал.

ГІемераб бигьалъи ккана росдае аскариязул застава рагьаралдаса нахъе: цо-цо росуцоязе щвана хІалтІи, мех-мехалъ вертолеталъ рехун бачІуна харабгун кванил нигІматал, медицинаялъулаб кумекалъеги тІоцере ратула аскариял. Амма гьелъ тІураларо киналго гІузраби, божи-хьул буго кида-къадги бачІинин Хушетибеги цІибахъараб шагьранухги нахъа тун «маххул чу», харил магьгун дандчІвалин гьезда нижер руччабазги дол араб гІасруялъул лъабкъоабилел соназ районалъул руччабазго гІадин, «бакъунги сваканги батилин, кванайилан». Шагьранух гІумрудул бидурихьалилан абула. Гьел бидурихьал чара гьечІого хІажат руго нижееги, гьелъул хІакъалъулъ гІемераб бицана ва абуна. Баркала Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГІабдурахІман Камиловасе, АнвархІажи Вечедовасе, Хейруланам Дибирасулаевасе, АхІмад Давудовасе, росулъ ва Хунзахъ ругел погранзаставабазул нухмалъулезе нижер гІарзазухъ гІинтІамиялъухъ, бажарухъе гьабулеб кумекалъухъ.

Гьаб нухалъги, Аллагьасе рецц, хвасарлъана чиясул гІумру гьезул хІаракаталдалъун. БукІаниги, чІагояв чи кваначІогоги къватІиве вахъинчІогоги тІуваларелъул, бокьилаан нух бахъиялъул суалалда тІадчІезе, хушетисезул гІумрудул анищлъун бугеб гьеб бахъун рагІалде бахъинабизе,-ян абуна нижер гара-чІвариялда Хушети росдал бетІер Мурад Окиевас.





**Батул МухІамадова**

## Бергьенлъиялъул ирсилазул ракІалдещвеял

1

ПОБЕДА! 1945–2020

…Кинобазда бихьун, нилъеда лъала, кин советияб халкъалъ къабул гьабураб 1945 соналъул 9 маялъул-Бергьенлъиялъул къо. Рагъде унаго «Бергьенлъи нилъер букІине бугин» абурал рагІаби нусцІул такрар гьаруна гьез 1418 сордо-къоялъ халатбахъараб рагъда босараб Бергьенлъиялъул къоялъ. Дандерижи гІадин, пири пирхараб куцалда, цояз цоязухъе кьун, т1ибит1ана рохалил хабар киса-кибего. Халкъалъул рохалие гІорхъи букІинчІо, ракълилаб гІумруялде руссине букІараб анищалъ. Ракълилабин абуниги, рагъул фронтги нахъе тун, захІматалъул фронталде тІаделъизе ккана сонисел солдатал. Япониялъулгун рагъде аразул рагъулаб нух халалъана жеги лъагІелалъ, цогидал тІадруссана рокъоре. Амма рохелалда цадахъ пашманлъиги букІана гьезул-чанги росаби рихханa, чангиял гочинарун ратана, араб бакІ лъачІого чангиязул гІагарлъи тІагІана, цІияб гІумру кьучІдасанго байбихьизе ккарал гІемер рукІана. Рагъ лъугІи рекІел къваридал пикрабазегун квешабщиналъе ахир лъейлъун кканиги, лъикІаб гІумруялде рачІинлъун ккечІо хасго Кавказалдаса солдатазе. Нилъеда лъала 1943 соналъ дагъистаниял Чачаналде, чачанал ва Кавказалъул цогидалги миллатал Гьоркьохъеб Азиялде гочинарураблъи. Аза-азар чи хвана къайи баччулел вагоназда гочинарурал гьезулги, хасел бакьулъ «хІама бугелаца хІамида бачун, хІама гьечІелаца магьица мугъзада баччун» къайи-къоногун, лъимал-харабигун лъелго «сапаралъ» рахъарал дагъистаниязулги...

...Социализм гІуцІулеб советияб халкъалъ хІухьел дагьаб эркенго цІанин абизе бегьула. Сонал анагІан гІумру цІилъиялда цадахъго цІилъулел рукІун ратилин ккола дида советияб халкъалъул лъилъуларел ругъналги: гІадада гурелъул абураб 9 Маялъул Бергьенлъиялъул къоялда бадиб рохалилги рухІалилги магІу хулараб байрамилан: рагъда ва хадусел соназ рагъул ругъназ кІвекІун хварал рагъул гІахьалчагІиги ракІалде щун, бакІаб асаралъулъ тІерхьунаан гІадамал.

1999 соналъул балагьаб август-сентябрь бихьарай дида жакъа лъикІ бичІчІула дол соназ гІадамазул рекІел хІал: наслабазда тІокІалъ рагъул кьогІлъи бихьизе хъван батугегиян балъгояб ва тІатараб анищ букІана дозул. Амма, цо кинабалиго жанисеб гьаракьалъ абулеб букІанадай рагъ лъугІун кІикъоялда щуго сон иналде, рухІ бичун эркен гьабураб цогояб улкаялъул бутІаби гьаризе ругин ва, сон вацал-яцал гІадин рукІарал халкъал цоцазе тушбабилъун лъугьине ругин. Аллагьасе рецц, гьезул гІемерисел гьеб къоялде щвезегІан хутІичІеблъи, нилъеда бихьана кинаб бакІаб гьирлъун гьеб халкъазе ккараблъи. Гьединлъидал рикІкІуна дицаги 9 Май цохІо рохалил гуребги, рухІалилги, рагъда хварал ракІалде щвезариялъулги байрамлъун.

Гьел ракІалде щвезариялъе кьвагьулеб рагъулаб гІарадул салюталъухъ балагьулаго берда цере тІамула нилъер ракълилаб гІумруялъе гІоло окопахъги, хъошаздаги «яшав гьабурал» кьалул байдабазда рагъарал умумул. Гьезул гьунар кІочене тунгутІи ва гьезул бахІарчилъиялъул мисалалда гІун бачІунеб гІелалъе патриотикияб тарбия кьей буго жакъа нилъер аслияб масъала. Нилъедаса арал ракІазулъ цІуни тІадаб борч ккола. Гьединаб мехалъ ракІалде щола немцазул цІар арав поэт, публицист ва критик Христиан Иоганн Генрих Гейнел «щибаб заниялда гъоркь дунялалъулго тарих бугин» абурал рагІаби. Щивасул цІарги гьунарги нилъеда лъаларо, гьелъулъ гуро суал бугеб. ЦІар лъалевги лъаларевги солдатасул бахІарчилъигун чилъи ва гьунар нилъер битІараб-тІекъаб каламалде ккараб иш гуро. Такрарлъунги абила, нилъер борч ккolин гьезул гьунар ракІазулъ цІуни. Щивго кІочон гьечІо, щибго кІочон гьечІо абураб ахІи кІочене течІого, гІумру гьаби. ГІадада гурелъул Роберт Рождественскияс абураб: гьеб хваразе гуро хІажат бугеб, гьеб нилъее, чІагоязе, чара гьечІого хІажат бугилан. Даимаб рецц нужее, рагъул бахІарзал!

**Хадижат Залимханова**

## Динияб бокІон

# Къуръан -Аллагьасул калам

Къуръан ккола ТІадегІанав Аллагьасдаса рещтІарал тІахьазул ахирисеб тІехь. Гьеб рещтІана МухІаммад Аварагасде (с.т.гІ.в.).

ТІоцебе ЛавхІул махІфузалдаса Лайлатул-къадриялъ цадахъго гъоркьияб зобалде рещтІинабуна ТІадегІанав Аллагьас. Гьенисан Жабраил Малаикас дагь-дагьккун, хІажат бихьун 23 соналда жаниб салат-салам лъеяв МухІаммад Аварагасухъе (с.т.гІ.в.) рещтІана. Гьелъул буго 114 бисмилла. Гьездасан 86 Маккаялдаго, 28 Мадинаялда гьижра гьабун хадуб рещтІана.

Къуръаналъул буго 6666 аят. Къуръан ккола ТІадегІанав Аллагь вукІиналъеги, салат салам лъеяв МухІаммад Авараг (с.т.гІ.в.), хІакъав Авараг вукІиналъеги нугІлъи гьабулел хІужабазул бищунго кІудияб хІужаги, мугІжизатги.

Аварагасул заманалда рукІарал капурзабаз абулеб букІана, гьеб Аллагьасул калам гуро, жинцаго МухІаммадица ургъараб, яги гьеб гьесда цоги чияс малъараб буго-ян. Гьелдасан хадуб Къуръаналде анлъгогІанасеб аят бачІана,гьедин батани нужецаги ургъе гьелда релъараб цо гьитІинабгІаги бисмила (сура абун. Хадубги баян гьабуна тІолалго гІарабиял, гІажамиял, жинал, инсанал данделъун ургъаниги гьелъул цо бисмиллаялда (сураталда) релъараб жо гьабун бажаруларилан.

МухІаммад Аварагасде (с.т.гІ.в.) Къуръан рещтІаралдасан нахъе гьаб заманалде щвезегІан ун буго 1400-ялдасанги цІикІкІарал сонал, амма жеги дунялалда вахъун гьечІо, гьеб Къуръаналда бугеб бищунго гьитІинаб бисмиллаялда релъараб, яги кІиго хІуччгІанасеб жо ургъизе бажарулев чи.

Къуръаналъул буго тІолабго инсаният гІажиз гьабулеб гІажаибаб пасихІлъиги, гъваридаб магІнаги. Аза-азар сонал аниги гьеб басралъуларо, чанцІул цІаланиги тІоцебе рагІулеб гІадин гьуинлъула. Къуръаналъ бицен гьабула ТІадегІанав Аллагьасул кІодолъиялъул, хІалкІолъиялъул, Гьесул сипатазул, Гьесул цІаразул, гІакълиял хІужабаздалъун чІезабула Гьев цо вукІин. Гьединго гьелъ бицуна гІалам бижиялъул, зоб-ракьалъул, бакъмоцІалъул, цІвабзазул, гьава-бакъалъул, цІадазул ах-хуралъул, хІайваназул, гъутІбузул, мугІрузул, ралъадал-гІоразул, инсан вижиялъул, гьелдалъун пикраби кантІизарула Аллагь вукІиналдеги, Гьев цо вукІиналдеги, Гьев хІалкІолев вукІиналдеги. Гьединго гьелъ бицула хвел-хобалъул, Алжаналда ругел нигІматазул, жужахІалда ругел гІазабазул, Къиямасеб къоялъул ахІвалазул, ругел хун хадур цІидасан чІаго гьаризе рукІиналъул. Гьединго бицуна-хІалаллъиялъул, ахІула лъикІал тІабигІатал квеялде, квешал тІабигІатал рехун теялде, Аллагьасе тІагІат-гІибадат гьабулеб куцалъул, как-кІалалъул, закагІат-сахІалъул, хІеж борхиялъул, ригьин-цІаялъул, даран-базаралъул, рекъел-маслахІаталъул, чІвайхъвеялда сверухъ рачІунел хІукмабазул, къисас босиялъул, гъазаваталъул, чан гьабиялъул, лъимал хьихьиялъул, эбел-инсул адаб гьабиялъул, лъимал хьихьиялъул, эбел-инсул адаб гьабиялъул. Гьединго бицуна некІсиял уматазул ханзабаз зулму-хІал гьабиялъул, гьел Аллагьас гьалаг гьариялъул. Инсанасеги, обществоялъеги заралиялги пайдаялги ишазул, ахираталдаги дунялалдаги гьоркьоб бугеб батІалъиялъул.

Къуръаналда гІемерал лъугьа-бахъинал руго цереккунги ккезе рукІин гьелъ рицарал, гьелъ рицухъе хадур ккезеги ккарал. ГІемерал гІелмиял хІужаби руго анцІ-анцІ гІасраби ун хадусаги гІелмуялъул цІех-рехаз рагьизе ругел жалазде ишара гьабулел. Гьеб кинабго жоялъ нугІлъи гьабула Къуръан, я МухІаммад Аварагас (с.т.гІ.в.), ялъуни цогидав инсанас ургъараб гуреб, Аллагьасул рахъалдасан рещтІараб Гьесул калам хІакъаб букІиналъе. Гьелъул цониги рагІи гьереси гьабизе кІолев цониги гІалимчи дунялалда вахъинчІо.

Хирияб Къуръаналъ цереккун рещтІарал тІахьазул хІукмуги, хІикматги, гІелмуги жанибе бачана. Гьелдалъун Къуръаналдалъун гурони кинабгІаги хІукму къотІизе хІарамаб буго.

Какий чурун гурони Къуръан цІализе, гьелда квер хъвазе хІарамлъула. Къуръан цІали бищун хириял гІибадатаздасан цояб ккола. МагІна бичІчІичІого цІаланиги гьеб цІалиялъул кири щола.

КьучІаб хІадисалда буго: «Нужор бищун лъикІав чи ккола Къуръан цІалулевги, гьеб малъулевги-ян.

Къуръан цІалиялъул адабалдасан ккола: каки чуриялда вукІин, къиблаялде вуссин, агІузу бахъи, сивак бахъи, Аллагьасул кІодолъи ракІалде бачІун, Аллагь кІалъалев гІадин цІали, Къуръаналдехун мугъ сверунгутІи, гьеб цІалулеб мехалда дунялалъул хабар тун гьелъухъ гІенеки, гІодоввичан тартибалде цІали. Берцинаб гьаркьидалъун, берцинаб макъаналдалъун цІали.

**«Диналъул аслаби» абураб тІехьалдасан босана**
**Агъвалиса МухІамад Загьидовас**

**Колонка прокурора**

## Об ответственности за нарушение ограничительных мер, связанных с распространением коронавирусной инфекции (COVID-19)

В настоящее время на территории Цумадинского района, как на территориях других регионов РФ, действуют ограничительные меры, связанные с распространением коронавирусной инфекции (COVID-19).

С 01.04.2020 вступили в силу Федеральные законы №№ 99-ФЗ и 100-ФЗ, усиливающие административную и уголовную ответственность за нарушение правил поведения в период действия ограничительных мер.

Так, за нарушения в области обеспечения санитарно-эпидем налоги ческого благополучия населения, совершенные в период режима чрезвычайной ситуации или при возникновении угрозы распространения заболевайия, представляющего опасность для окружающих, либо в период осуществления на соответствующей территории ограничительных мероприятий (карантина) статьей 6.3 КоАП РФ предусмотрен для граждан административный штраф в размере от 15 до 40 тыс рублей, а если эти нарушения повлекли причинение вреда здоровью - в размере от 150 до 300 тыс рублей.

Такие же санкции предусмотрены за невыполнение выданного в указанный период законного предписания (постановления) или требования уполномоченных органов о проведении санитарно-противоэпидемических (профилактических) мероприятий.

За невыполнение правил поведения при введении режима повышенной готовности на территории, на которой существует угроза возникновения чрезвычайной ситуации, ст. 20.6.1 КоАП РФ установлены административные штрафы для граждан в размере до 30 тыс рублей, а в случае причинения вреда здоровью или имуществу либо повторного нарушения - в размере до 50 тыс рублей.

Для должностных лиц, индивидуальных предпринимателей и организаций установлены более жесткие меры ответственности, в том числе штрафы до 1 млн рублей и административное приостановление деятельности. За нарушение санитарно-эпидемиологических правил, повлекшее по неосторожности массовое заболевание или отравление людей либо создавшее угрозу наступления таких последствий, статьей 236 Уголовного кодекса РФ установлена уголовная ответственность с наказанием до 2 лет лишения свободы.

В случае наступления по неосторожности последствий от таких нарушений в виде смерти человека наказание составит до 5 лет лишения свободы, а при смерти двух и более лиц - до 7 лет лишения свободы. Прокуратура Цумадинского района призывает население соблюдать законодательство, не подвергать опасности свое здоровье и здоровье окружающих.

**Ильяс Вакилов,** прокурор района

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Руслан Жалаловасда ва лъималазда гьезул хьизан ва эбел

**Нугьейрат**

Аллагьасул къаралде щвеялда бан. Аллагьас гьей иманалда тIойитIун ятаги.

Агъвали гимназиялъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго школалъул мугIалимзаби Саида ХIамзатовалда ва Анисат Зураевалда гьезул хирияв вац ва гIумрудул гьудул

**ХIамзат**

Аллагьасул къаралде щвеялда бан. Хварасул рухI иманалда бахъун батаги.

"ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Хуштада росдал школалъул учитель АсхIаб МухIамадовасда гьесул хьизан

**ПатIимат**

Аллагьасул къаралде щвеялда бан. Аллагьас хварай иманалда тIойитIун ятаги.

"ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго Инхокъвари школалъул завуч Айгьанат МухIамадовалда гьелъул хирияй яц

**Нугьейрат**

Аллагьасул къаралде щвеялда бан. Аллагьас хваралъе Алжан насиб гьабеги.

"ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго

**ГIалиев ХIасан**

къаралде щвеялда бан гьесул хьизан-лъималазда ва гIагарлъиялда. Хварасул рухI иманалда бахъун, Алжаналъул агьлуялдаса ватаги.

## Обращение доктора Магомеда Абдулхабирова

Уважаемые и дорогие земляки!

Говорят, что у каждого поколения своя война. Наша вирусная война не требует от нас форсировать зимой ледяные переправы, когда с другого берега фашисты стреляют в каждого прицельно.

Но наши отцы и деды, преодолевая болота, леса и реки четыре года, преодолевая страдания и смерти, прошагали от Кавказа до Берлина и водрузили Знамя Победы! Не мы ли потомки этих героев?!

И мы победим, но для этого от нас требуется самое малое: быть временно в антивирусной чистоте и в сдержанности от традиционных встреч. Умоляю каждого разумного: прислушайтесь к советам медиков, которые в этой войне на передовой: они работают в тяжелейших условиях во имя спасения заболевших, они более других болеют и погибают на этом фронте! Им тяжко, и сегодня они для нас-высшие моральные авторитеты! Всего-то от нас требуется в семье полотенце не общее, а отдельное - каждому; лучше бумажное, разовое; и мыло лучше жидкое. В кармане иметь пакет с дезинфицирующими салфетками.

Меня всегда смущали наши туалеты, где отсутствуют краны для подмыва, жидкое мыло и сушилки для рук. Знать бы нам, что ручки туалетных дверей и ручки туалетного кувшина являются местами прописки многих вирусов, бактерий, грибков, бацилл и микробов. Особо любят эти невидимые негодяи влажные ворсинки ковров, и поэтому надо бы каждому иметь свой молитвенный коврик и чистые носки, воздерживаясь молится без носков на семейном ковре. Молитвенных ковров надо бы дезинфицировать регулярно!

Берегите себя! Горцы генетически уязвимее к вирусам,нежели горожане.

Этот вирус из Китая через моря, границы и огромные расстояния добрался и до Кавказа тоже для проверки не только нашего иммунитета, но и нашей разумности и нашей способности временно воздерживаться от шумных встреч, совместных молитв и счастливых свадеб. Особо тягостно не идти прощаться с усопшими, но и тут во имя своего здоровья и здоровья близких и родных, нужно бы проявить тактичность и осторожность. Потом, после карантина мы приблизимся сердцами и обязаны будем задумается о том, почему мы позволили властителям преступно разрушить медицину и образование под демагогией «оптимизация».

Это потом, а сейчас нужно осознать, что в мире уже заболели более трех миллионов жителей и умерли более четерехсот тысяч заболевших. Не хватают больниц и лекарств. Вирус никого не щадит и прогнозы неутешительные.

Перефразируя Юлиуса Фучика, скажу: «Земляки! Я вас люблю! Будьте бдительными, осторожными и мудрыми!»

**Магомед Абдулхабиров,** г. Москва

**Унтараз хъвалеб буго**

## Ниж гIадин, Аллагьги разилъаги нужедаса



ЦIар лъезе лъалареб унтуца унтаразул къадар къойидасан къойиде цIикIкIунеб буго, киса кибего гIадин, нилъер районалдаги.

Халкъалъул ракIазулъе хIинкъи кIанцIулеб буго. Цоял больницабазда регизецин бокьичIого, рокъобго сахгьариялда тIадчIолел руго, амма ахирги тохтурзабазухъе ккечIого рорчIуларелги гIемер руго. Гьединаздаса цояй йиго жакъа гьаб кагъат нижехъе бачIарай районалъул халкъалъе социалияб хъулухъ гьабиялъул централъул директор Марзигат МухIамадоваги. Унтун кIвекIарай гьей больницаялда тIадчIун гьабураб дару-сабабалъ мадаралде ккана. Гъоркьехун бахъулеб буго гьелъ больницаялъул коллективалъе баркалазагьир гьабун бачIараб кагъат.

ХIурматияв Хейруланам МухIамадович! Бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе дуе ва бажарун гIемерал соназ дуца нухмалъи гьабулеб кIудияб, цоцалъ жубараб ва хIалтIуде кутакалда гьирачилъи бугеб коллективалъе дирго ва ичIабилеб палатаялда ругел унтаразул рахъалъан.

Унтул кутакалъ дунялалдасанго ракIги бус-сун, пикрабалъ дунго дицаго ахираб сапаралде ине хIадур гьаюлей йикIарай дие гIумруялде цIидасан рокьи бижизабизе квербакъана конвеералда гIадин хIалтIулеб райбольницаялъул медиказ. Смена хисун, хIалтIуде рачIунел гьезухъ балагьун сагIат битIизабизе бегьилин ракIаде ккана. Унтараздехун бугеб бербалагьиги, дарабаздалъун хьезариги, гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалъул тIалабазе жаваб кьоледухъ больница хIадуриги ккола жиндирго коллективалдехун нухмалъулесул бугеб ракIунтараб тIалачилъигун жавабчилъи.

Аби буго, ракI батулеб рагIуцаги чи сах гьавулин. Больницаялъул хIалтIухъабазул махщелчилъиги, цоцадехун ва унтараздехун бугеб адабхIурматги бихьидал, тIадюссунги баркала кьезе бокьун буго дуе ва коллективалъе. Гьединал ишал дарабаздасанги лъикI «хIалтIула» унтарав сахлъизе. Бугищ хIажатаб жо, гьабизе бокьараб иш, сахлъи кин бугеб жакъайиланги гьикъа-бакъун, хъахIал халгIатал ретIарал, маскабаз гьурмал рахчарал хIурулгIинзаби аскIоре рачIиндал, кинха букIунареб гIумруялде ракI ва лъикIабщиналде хьул. Жидерго хьизан-рукъ кIочон, унтаразе хъулухъалъе эхетарал нужеда Аллагь гурхIаги, балъгоял балагьаздаса цIунаги, рекIелъан ургъелал, чорхолъан унтаби росаги, нужер хъулухъ-хьатир БетIергьанас аза-азарил даражаялде бахинабун, нахъбуссинабеги.

БакI ккун букIадго, бокьун буго баркизе медсестрабазда гьезул махщалилаб байрам-Медсестраялъул къо.

Аллагьас кIодо гьареги нуж.

**Кидагосеб адаб-хIурматгун**
**Марзигат МухIамадова**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru